# Проект

## «Нохчийн халкъан йаханчу заманан турпалхо – Чечанара Мадин Жаьммирза»




**Кечйинарг**

**йукъараллин хьехархо**

**Шапаева Н. Х.**

**Гуьмса г1ала**

**2025 шо.**

**Проектах лаьцна дош.**

Къоман культура кхуьу эзар шерийн к1оргенехь, заза доккху шен къомаца, лан а ле цуьнца. Герзан ницкъаца йайа йиш йац иза, доьналлин омрица д1айаккха йиш йац иза, и йеха халкъан дагчохь, экама,1ожалла йоцу халкъан са санна.

Къоман культура кхиорехь, цуьнан башхалла ларйарехь, истори йовзарехь коьрта меттиг д1алоцу матто. Ненан мотт хааро дуьненах болу кхетам кхио, цунах лаьцна хаарш шордан, кхиамца нохчийн маттахь йолу киншканаш йешаро кхетош-кхиорхойн 1амо таро хуьлуьйту школазхой.

Ненан меттан хазна йезаш хиларо, нохчийн исбаьхьаллин литература йешаро шен къоман оьздангаллийн, ламастийн бакъонаш йовзуьйтуш кхиабо школазхой.

Кхетош-кхиорхойн коьрта 1алашо - ловзарш, туьйранаш 1амийна ца 1аш, школазхойн сих халкъан мотт бозабалийтар йу.

Йукъайовлуш керла техналогиш, х1иттош керла стандарташ йу. Лаккхара корматалла йолуш, к1орггера хаарш долуш хила йеза х1инцалера кхетош-кхиорхо. Цхьана занятин гурахь сацар к1еззиг ду школазхойн матте безам кхио, цуьнан аьхналла, хазалла йовзийта. Ненан маттаца цхьаьна берашна иштта довзийта деза дайн оьзда г1иллакхаш, 1адаташ, вайн къоман истори, нохчийн халкъан турпалхой. Берийн хаарш исторех, хьалха заманахь баьхначу турпалхойх лаьцна алсам дахаран 1алашонца ду х1ара проект йаран бахьана. Х1окху проекто г1о дийр ду кхетош-кхиорхошна берашца бечу балха т1ехь. Уггар хьалха х1окху проекто довзуьйту вайн нохчийн мехкан мехаллаш – мотт, къам, культура, истори.

Турпалхойх лаьцна йолу проект цхьана низамехь вовшах тохар атта дац кхетош-кхиорхошна. Х1унда аьлча царах лаьцна йолу материалаш к1еззиг йу интернет чохь, нохчийн маттахь мухxале а. Ткъа вайна хаьа берийн бошмашкахь кхетош-кхиоран болх къоман синъоьздангаллех боьзна хила безар. Цундела мехала ду нохчийн маттахь тайп-тайпана цхьаьнакхетарш д1адахьар, нохчийн къоман культура, истори йовзийтар, нохчийн халкъан турпалхой бовзийтар.

Заняти – иза хаарш хилла ма ца 1а, занятехь вай кхиориг адам ду. Вай цунна кхиа г1о дахь, нохчийн халкъан дахар довзийтахь, цуьнан кхин д1а а лаам хир ма бу шен къоман дахар довза, хьалха заманахь хилларг хаа.

Нохчийн къоман даима хилла йу нохчийн маттаца, дайн кхерчаца, шаьш бинчу махкаца, дайн кешнашца йолу з1е. Нохчийн къоман г1иллакхашца, цуьнан мехаллашца цхьаьна, вайн къоман дахар, хилларг довзуьйтуш, къона чкъор шен нохчаллех кхетош-кхиор коьрта декхар хила дезаш ду х1оранна а. Йоза, дешар доцучу хенахь нохчийн дахар барта дуьйцуш схьа дар бахьанехь девзина вайна. Иштта дуьйцуш т1аьхьарчу т1аьхьене кхаьчна вайн исторехь хилларг.

Нохчийн къоман орам хилла дисина ду 1адаташ, вайн дайша лардеш схьадеана долу. Тахана вайн йиш йу нохчийн маттахь, массо меттехь къоман культура, истори йовза-1амо, Даймохк лара-беза. Цунна ч1ог1а т1е1ат1къам бина вайн куьйгалхоша. Вайн къоман хазна йу - къоман г1иллакх-оьздангалла, культура, истори...

**Проблема а, иза кхочуш йар а:**

Нохчийн мотт а ца хууш, вайн къоман туьйранаш, шира дийцарш, берийн ловзарш, вайн бицбан йиш йоцу турпалхой а ца бевзаш муха хир ду вайн къона чкъор? Шен къоман хилларг муха ду ца хууш кхиалур дуй-техьа т1екхуьу жима чкъор? Дац, мел хала хеташ делахь а, цундела, вайна хьалха латтта коьрта декхар – т1екхуьуш йолу т1аьхье нохчийн мотт ларбеш, культура, истори йовзуьйтуш, ийманехь йолуш кхетош-кхиор ду. Ткъа муха кхочуш далур ду иза? Нохчийн къоман истори Іамор дихкина хенаш мацах хиллехь а, тахана паргІато а, бакъо а йу истори Іамо а, йаржо а, тІейуза а.

Берашна ца бевза вайн къоман турпалхой. Амма вевза царна Гезг-Стаг а, кхин болу муьлтфильман «турпалхой» а. Вайн культурина а, историна а боккха иэшам бу иза. Бераллехь дуьйна бовзийта беза царна (берашна) къоман турпалхой.

**Караpчу хенахь мехала лоруш дерг (Актуальность)**

Бер кхиъна далале, и жима долуш дуьйна довзийта деза царна дайн оьзда г1иллакхаш. Кегий долуш дуьйна йовзийта йеза синъоьздингаллин мехаллаш. Вайн дайн кица ма ду: «Жимчохь 1еминарг т1улга т1е йаздина йоза ду», аьлла. Иза тидаме а эцна, урхалло т1е диллина декхар кхочушдаран белхаш бу берийн бошмашкахь д1ахьуш. «2025 шо - историн шо ду» аьлла д1акхайкхийна ду. Цуьнца боьзна белхаш бу х1окху дешаран шарна лерина. Кхетош-кхиорхойн болх жигара баккха к1оштан урхалло кхайкхийна къовсам бу, тоьлла проект «Йовр йоцу ц1е». Цуьнца доьзна ду х1ара проект актуальни хилар. Хазачу масалашца тоьшаллаш далош бовзийта беза берашна вайн халкъан турпалхой. Хьалха берашна йовзийта йеза халкъан барта кхолларалла «Нохчийн фольклор», иштта шайн говзаллийца, исбаьхьаллийца доьзна долу нохчийн туьйранаш, ловзарш, хьекъале аларш, турпалхойх лаьцна иллеш… И дерриге а ц1енчу нохчийн маттахь дийца деза, хьоьхуш гайта а деза царна.

**1алашонаш:**

Вайн халкъан сийлахь турпалхой бовзийтар; Даймахках, вайн къомах, г1иллакх-оьздангаллех, историех, культурех берашна кхетам балар; патриотически дог-ойла кхиор; ненан маттаца йолу шовкъ к1аргйар; бераш синъоьздангаллийца кхетош-кхиор.

**Декхарш:**

синъоьздангалла кхиоран белхан кеп: караpчу хенахь мехала лоруш долу проблемин хьал тодарехь тидам т1ебахийтар; г1иллакхаш, истори йовзуьйтуш бераш кхетош-кхиоран некъаш лахар; шен къоман культура йовзийтар; ийманехь кхетош-кхиоран болх кхочуш бар.

**Проектан декъашхой:**

ишколана кечамбаран тобанера кхиархой, мукъаман куьйгалхо; кхетош-кхиорхой, дай-наной.

**Проектан тайпа:**

- довзаран, исбаьхьаллин-кхоллараллин, синъоьздангалла а, лела 1амор кхетош-кхиоран.

**Кхочуш йаран хан**:

- йахалла (кхолламан - х1утосурган беттанаш).

**Кхочуш деш долу хьехаран некъаш:**

1. Къамел кхиор;
2. Йукъараллехь кхетош-кхиор;
3. Исбаьхьаллин хазалла кхиор;

4. Довзаран кхетош-кхиор.

**Проектан муьраш**

**Хьалхара мур -** кечамаллин (проект х1оттор),

Хан – кхолламан бутт.

**Кхетош-кхиорхойн г1уллакх:**

- проблема къастор, 1алашонаш, т1едахкарш х1иттор;
- мероприятишна перспективни план х1оттор;
- белхан методаш билгалйахар;
- газетш, киншкаш лахар, харжар.
- интернет ресурсаш лахар.

**Цхьаьна ден долу г1уллакх:**

- бераш проблеман хьолана йукъадалор, царна улле, кхетаме йолчу г1улч йаккхарехь;
- проектан темина тидам баран берийн лаам т1е бахийтар.

**Шолг1а мур -** проект кхочуш йар,

Хан – чиллин-оханан беттанаш.

- кхетош - кхиорхошца, берашца, церан дай-наношца кхочуш йан лерина мероприятеш кхочуш йар;
- берийн говзалла, хаарш карадерзор проектан боларехь, тайп-тайпана йолчу белхан кепашца.

**Кхоалг1а мур -** дерзоран,

Хан - х1утосурган бутт

- проект кхочуш йаран анализ йар;
- жам1дар;
- кхин д1а а кхетош-кхиорхошна пайденна интернет публикациш йар.

**Сатийсаман хилам:**

*Берашна лерина:*

- ненан мотт безар, Даймохк безар, къоман истори йовза лаам берийн самабаккхар;
- шен къоман исбаьхьаллин кхолларалла, г1иллакх-оьздангалла, ламасташ, 1адаташ довза, деза лаам кхетош-кхиор;
- шен мотт, къам лардан лаам кхоллабалийтар.

*Кхетош - кхиорхошна лерина:*

- кхетош-кхиорхоша, дай-наноша белхан ницкъаш цхьанатохар;
- ненан меттан мехалла йовзийтар;
- къоман 1адаташ, ламасташ йукъадалош къоман культура, истори ларйар;
- синъоьздангаллийца кхетош-кхиоран план х1оттор.

*Дай-наношна лерина:*

- шайн бераш кхетош-кхиорехь дайн-нанойн бакъонаш кхочушйар;
- экскурсе дахар;
- синъоьздангаллийца доьзна долу хаттарш кхочуш деш берийн бешца цхьа накъостий хилар.

**Перспективни план**

| № | Чулацам | Хан | Лерина |
|---|---|---|---|
| **Кечамаллин мур** | | | |
| 1. | Мероприятийн план х1оттор | Чиллин бутт | Кхетош-кхиорхошна |
| 2. | Темица йог1уш йолу литература лахар; интернет ресурсаш лахар; уьш йовзар | | Кхетош – кхиорхошна |
| 3. | Занятиш, къамелаш, мероприятиш х1иттор | | |
| 4. | Таллам (анкета); у т1ехь хаам бар; проектан 1алашонаш, т1едахкарш довзийтар | | Дай- наношна |
| **Проект кхочушйаран мур** | | | |
| 1. | Къамел: «Нохчийн халкъан турпалхой» | Чиллин бутт | Берашна |
| 2. | Байт: «Къонаха мила ву?» | | Берашна |
| 3. | Консультаци: «Вайн халкъан дозалла» | | Кхетош-кхиорхошца |
| 4. | Таллам (Анкета): «Д1айаханчу заманан лорах» | | Дай-наношца |
| 5. | Синтар дер «Турпалхочун беш (Турпалхочун х1оллам)» | Бекарган бутт | Кхетош-кхиорхочуьнца, берашца |
| 6. | Къамел: «Чечанара Мадин Жаьммирза» | | Берашна |
| 7. | У т1ехь хаам «Нохчийн къоман истори» | | Дай-наношна |
| 8. | Горга стол «Йовр йоцу ц1е» | Оханан бутт | Кхетош – кхиорхошца |
| 9. | Заняти: «Турпалхо Мадин Жаьммирза» | | Берашца |
| 10. | Экскурси «Винчу йуьрта» | | Дай-наношца Берашца |
| **Йерзоран мур** | | | |
| 1. | Проектан презентаци йар педагогийн кхеташонехь | Х1утосурган бутт | Кхетош – кхиорхошна |
| 2. | Берийн беш газетехь проект зорбане йаккхар | | |
| 3. | Проектан публикаци йар maam.ru т1ехь, учреждени сайта т1ехь. | | |

***Пайдаэцна хьостанаш а, литература а:***


1.Газета «Берийн беш»;
2.Журнал «Стела1ад»;
3.Абдурахманова Ж.М., Джунаидов С.С. «Сан къоман хазна»;
4.Кхетош-кхиорхошна методически пособи: «Нохчийн халкъан турпалхой»;
4.Нохчийн фольклор;
5.Интернет-ресурсаш;
4.Нохчийн халкъан барта кхолларалла;

5.П. Закриева «Классал арахьара дешар»;
6.Эдилов С.Э. Берийн бошмашна а, йуьхьанцарчу классашна а лерина хрестомати;
7.А. Исмаилов «Дош» ц1е йолу нохчийн-оьрсийн дошам.